



Dis etap tout plas travay yo ka pran pou diminye risk pou yo ekspoze a Kowonaviris

Tout plas travay yo ka pran mezi prevansyon enfeksyon sa yo pou pwoteje travayè yo:

- 1** Ankouraje travayè yo pou yo rete lakay yo si yo malad.
- 2** Ankouraje etikèt respiratwa, pa egzantp kouvri touse ak etènnye.
- 3** Bay yon kote pou yo lave men yo oswa yon pwodui ki baze ak alkòl ki gen omwen 60 pousan alkòl ladanl pou frote men yo.
- 4** Bay aksè a plas travay la sèlman a travayè esansyèl yo, si sa posib.
- 5** Etabli plas travay fleksib (tankou travay pandan w lakay ou) ak orè travay fleksib (tankou orè repati), si sa posib.
- 6** Dekouraje travayè yo pou yo pa itilize telefòn, biwo, oswa lòt zouti ak ekipman lòt travayè yo.
- 7** Regilyèman netwaye ak dezenfekte sifas, ekipman, ak lòt eleman nan anviwònman travay la.
- 8** Sèvi ak pwodwi chimik netwayaj Ajans Pwoteksyon Anviwònman (EPA)-apwouve e ki gen etikèt kont kowonaviris la.
- 9** Swiv enstriksyon fabrikan an yo lè wap itilize tout pwodwi netwayaj ak dezenfeksyon yo.
- 10** Ankouraje travayè yo pou rapòte nenpòt enkyetid sou sekirite ak sante.

Pou plis enfòmasyon, vizite www.osha.gov/coronavirus oswa rele 1-800-321-OSHA (6742).



OSHA[®]
www.osha.gov

Administrasyon
Sante ak Sekirit
nan Travay

1-800-321-OSHA (6742)
TTY 1-877-889-5627